



Kesyon ak Repons Konsènan Peryòd Gras ak Enskripsyon Espesyal COVID-19

Mizajou: 29 oktòb 2020

Peryòd Gras

Kesyon 1: Kisa règ yo ye konsènan peman inisyal pou Essential Plan (EP) ak Qualified Health Plan (QHP)? Èske kliyan yo toujou bezwen fè premye peman pou prim yo nan 10 jou pou yo ka gen pwoteksyon an?

Repons: Tout manm QHP, sa yo ki dwe peye tout prim la ak sa yo k ap resevwa kredi ki ka pou prim antisipe (advance premium tax credits, APTC), ap toujou oblige fè premye peman pou prim yo (oswa, peman ki lye) yo pou yo ka toujou jwenn pwoteksyon asirans. Plan yo ka pwolonje peryòd gras 10 jou premye peman an, si plan an vle.

Pou EP 1, premye peman \$20 a obligatwa pou yo kapab gen pwoteksyon an. Menmsi plan yo pa oblige anile pòsyon prim EP + Vizyon yo pou moun ki chwazi plis pwoteksyon, plan yo ka anile prim adisyonèl sa a, si yo vle. Nou ankouraje plan yo anile pòsyon prim sa a pou fanmi ki gen difikilte finansye pandan moman difisil sa a.

Kesyon 2: Èske pwolongasyon peryòd gras 30 jou a aplikab pou kliyan APTC ki deja nan peryòd gras yo?

Repons: Non, dapre règleman Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid la, règ peryòd gras ki deja egziste toujou aplikab pou kliyan APTC ki te deja antre nan premye 30 jou peryòd gras yo anvan 1ye avril 2020. Règ sou peryòd gras COVID-19 yo aplikab pou moun ki enskri nan yon peryòd gras nan dat 1ye avril 2020 oswa apre sa, jiska ijans sante piblik la fini.

MIZAJOU (29/10/20): Ijans sante piblik la te pwolonje jiska 20 janvye 2021. Pa konsekan, règ yo pou peryòd gras sa a pwolonje tou.

Kesyon 3: Èske plan yo dwe koupe asirans kliyan EP ki pa te peye prim mas 2020 yo?

Repons: Nan moman sa a, plan yo ta dwe evite koupe asirans kliyan ki pa peye kontribisyon prim \$20 pou EP 1 yo. Pandan plan yo pa oblige bay yon peryòd gras pwolonje pou pòsyon nan prim pou moun ki enskri nan EP + Vizyon ak Dan yo, plan yo ka pwolonje peryòd gras la, si yo vle. Nou ankouraje plan yo bay fanmi ki gen difikilte finansye pandan moman difisil sa a jwenn aksè nan peryòd gras sa a.



Kesyon 4: Dapre konsèy NY State of Health, plan yo ka ajoute plis tan nan peryòd gras QHP-APTC a pou yon lòt mwa ki t ap fè gen yon peryòd gras 120 jou. Apre 120 jou, si yo pa peye tout montan prim la nan fen peryòd 120 jou a, kisa plan an ta dwe fè pou kòmanse koupe plan an?

Repons: Si yon manm pa peye prim yo avan fen peryòd gras 120 jou a, yo ka koupe asirans yo nan 60yèm jou peryòd gras la. Yo t ap voye di NYSOH yo anile li epi make dat fen asirans ki ekivalan ak fen dezyèm mwa peryòd gras 120 jou a. Plan yo pral garanti reklamasyon pou premye 60 jou peryòd gras la, epi selon [rekòmandasyon](#) CMS, plan yo ap resevwa APTC pou peryòd gras 60 jou a (2 mwa APTC).

Pa egzanp, dapre règ ki gen kounye a, delè pou peye peman prim yon manm pou mwa avril 2020 se 1ye avril, sa ki ta kòmansman peryòd gras 90 jou a. Anba règ ijans federal yo, peryòd gras la ap fini nan fen jiyè (120 jou). Si moun nan pa peye prim li yo kanmenm, plan an ap voye yon tranzaksyon rezilyasyon bay NYSOH nan fen mwa jiyè, ak yon dat finisman ki 31 me. Plan an ap kenbe APTC a pou mwa avril ak me.

Kesyon 5: Si yo koupe asirans yon manm paske li pa peye apre peryòd gras 120 jou a, èske I ap ka re-aplike pou asirans QHP nan menm plan an oswa I ap dwe aplike pou yon lòt plan yo ofri atravè NYSOH?

Repons: Anjeneral, non. Kliyan yo koupe asirans yo paske yo pa peye apre peryòd gras 120 jou a p ap ka re-enskri nan yon QHP jiskaske Enskripsyon Lib la kòmanse pou ane plan 2021 an, amwenske yo gen yon evènman enpòtan nan lavi yo kifè yo kalifye pou enskripsyon espesyal, oswa amwenske yo pwolonje SEP ann ijans la. Si kliyan an gen yon chanjman nan revni li epi li kalifye pou Medicaid, Essential Plan oswa Child Health Plus, yo ka mete enfòmasyon sou aplikasyon yo ajou epi enskri nan asirans yo kalifye pou li a.

Kesyon 6: Èske plan yo dwe kontinye pran peman nan men kliyan EP yo si yo peye?

Repons: Wi, plan yo ta dwe kontinye voye bòdwo bay kliyan yo pou kontribisyon prim yo chak mwa, men, si yo pa resevwa peman an, yo pa dwe retire kliyan yo nan plan an.

Kesyon 7: Kimoun ki responsab pou peye reklamasyon pou sèvis pandan peryòd gras 120 jou pou QHP ak APTC yo?

Repons: Selon rekòmandasyon CMS, plan yo responsab pou peye reklamasyon yo pou premye 60 jou nan peryòd gras la; plan yo ka sispann reklamasyon yo pandan 61yèm a 120yèm jou peryòd gras la. Si yo koupe asirans yon kliyan paske li pa te peye apre 120 jou a, plan an p



ap responsab pou peman reklamasyon yon te pandan 61 yèm jiska 120 yèm jou peryòd gras la (sètadi, sa ki te fè apre dat yo te koupe asirans li a). Plan yo ta dwe esplike kliyan yo ak founisè yo sa.

Kesyon 8: Èske NY State of Health egzije moun bay prèv difikilte pou yo ka bay peryòd gras pwolonje pou manm sibvansyone sa yo?

Respons: (Modife 20 avril 2020) Non. NY State of Health pa egzije moun bay prèv difikilte ak COVID-19 pou fè li pi fasil pou peman prim ak peryòd gras yo pou EP, CHP, QHP-APTC. DFS te bay [rekòmandasyon](#) pou moun ki peye prim total yo ; atestasyon pou difikilte ak COVID-19 obligatwa pou popilasyon sa a.

Peryòd Enskripsyon Espesyal pou Sikontans Eksepsyonèl COVID-19 la

Kesyon 9: Kisa ki pral dat pwoteksyon pou Peryòd Enskripsyon Espesyal (Special Enrollment Period, SEP) eksepsyonèl COVID-19 pwolonje a?

Repons: Menjan ak règ ki aplikab avèk Sikontans Eksepsyonèl SEP 16 mas 2020 COVID-19 la, kliyan ki enskri gras ak SEP a ant 16 avril ak 15 me pral kapab chwazi kilè pou kòmanse asirans yo. Yo pral pèmèt yo chwazi yon dat kòmansman ki swa 1ye me oswa 1ye jen.



Kesyon ak Repons Konsènan Peryòd Gras ak Peryòd Enskripsyon Espesyal COVID-19

TANPRI, N AP FÈ W KONNEN: Kesyon ak repons sa yo konsantre sou moun ki jwenn sibvansyon yo ki enskri nan NY State of Health: CHPlus, Essential Plan, ak Qualified Health Plan yo ki sibvansyone. Konsèy DFS pou moun ki peye prim konplè yo [isit](#).

Kesyon 10: Pou manm CHPlus nou yo, si nou deja resevwa yon delè 31/03/20 sou dosye 834 la, èske nou pral resevwa yon nouvo tranzaksyon?

Repons: Wi. Jan nou te fè pou moun ki gen Medicaid yo, nou te voye renouvèlman CHPlus 4/1 bay plan yo nan dat 5/04. Nou te voye sa yo kòm nouvo enskripsyon 1/04.

Kesyon 11: Èske nou ta dwe espere PA resevwa okenn avi ki di nou koupe oswa anile plan nan men ou ditou jiskaske ijans COVID-19 la fini?

Repons: Plan yo pa ta dwe atann okenn sispansyon ki gen rapò ak renouvèlman pandan peryòd sa a. Sepandan, plan yo ap toujou gen kèk tranzaksyon ak demann pou retire manm nan obligatwaman dapre règleman federal, ki gen ladan moun ki soti nan pwoteksyon paske yo atenn yon laj (egzanp, 19 lane soti nan CHPlus, 65 lane pou EP), oswa si yon manm demenaje.

MIZAJOU (29/10/20): Pou QHP sèlman, renouvèlman anyèl yo ap fèt nan dat 15 novanm yo. Akòz pwolongasyon pou kalifikasyon yo ki te fèt deja pou Medicaid, EP ak CHP, tout renouvèlman yo se ap pou manm QHP yo.

Kesyon 12: Èske plan espere bay pwoteksyon pou tout manm EP ki annatant pou premye prim 1/04 ak pou pi devan?

Repons: Pou EP 1 estanda (\$ 20), plan yo ta dwe bay pwoteksyon lè yo resevwa nouvo tranzaksyon enskripsyon an.

Tanpri sonje lè yo voye tranzaksyon an tounen, Eta a toujou oblige voye peman bay eMedNY.

Kesyon 13: Èske yo pral peye plan yo pou nenpòt ki manm EP 1, EP 1+ Vizyon ak Dan, EP Vizyon 2+ ak Dan yo te bay pwoteksyon swen san peman?

Repons: Wi, plan yo ap toujou peye pòsyon responsabilite prim nan ki pa pou manm nan.

Kesyon 14: Èske yo ta dwe retabli pwoteksyon manm EP 1 plan yo te fini 1ye mas yo?



Repons: Règ peryòd gras COVID-19 yo anplas 1ye avril 2020. Plan yo pa gen obligasyon pou retabli pwoteksyon pou moun ki enskri nan EP 1 epi plan yo te fini avan 1ye avril paske yo pa te peye.

Kesyon 15: Èske nou ka transfere balans prim nan pou tout pwogram (EP, CHP, QHP-APTC)?

Repons: Wi, plan yo ka transfere balans prim pou QHP-APTC, EP ak CHPlus. Gade nan [konsèv DFS](#) pou moun ki peye tout montan prim yo. Yo gendwa bay rekòmandasyon adisyonèl sou prim EP ak CHPlus nan yon dat pita.

Kesyon 16: Konsènan pwolongasyon peryòd peman pou QHP-APTC, èske NYSOH ka konfime si / kijan sa afekte dat delè prim nan?

Repons: Pa gen okenn chanjman ki nesesè pou planifye bòdwo prim yo oswa dat limit.

Kesyon 17: Kilès nan règ peryòd gras ijans yo aplikab pou Plan Dan yo?

Repons: Règ peryòd gras COVID-19 la pa aplikab pou pòsyon prim ki pou dan an. Sa refere a pòsyon Plan Dan Endependan yo ak pòsyon dan ak vizyon nan prim pou EP 1+ Vizyon ak Dan ak EP 2+ Vizyon ak dan. Sepandan, nou ankouraje plan yo fè peryòd gras sa a disponib pou fanmi ki gen yon difikilte finansye pandan moman difisil sa a.



Kesyon ak Repons Konsènan Peryòd Gras ak Enskripsyon Espesyal COVID-19

Kesyon 18: Kilè ki pral dat kòmansman pwoteksyon asirans lan pou Peryòd Enskripsyon Sikontans Eksepsyonèl (Exceptional Circumstances Special Enrollment Period, SEP) COVID-19, ki ap pwolonje jiska 15 jen an?

Repons: Menm jan ak règleman ki aplikab pou Sikontans Eksepsyonèl SEP COVID-19 15 septanm 2020 an, konsomatè ki enskri atravè SEP a soti nan 16 me rive 15 jen pral gen yon chwa nan kilè pou kòmanse pwoteksyon asirans lan. Yo pral kapab chwazi yon dat kòmansman swa 1ye jen oswa 1ye jiyè.



Ranbousman Balans Prim yo Apre Peryòd Gras COVID-19

Kesyon 19: Èske NY State of Health gen direktiv pou konpayi asirans yo konsènan ranbousman balans prim manm QTC APTC yo alafen peryòd gras 120-jou COVID-19 la?

Repons: Konpayi asirans yo ka kolekte tout balans prim ki poko peye yo nan fen peryòd gras 120 jou a oswa, dapre pouvwa diskresyonè konpayi asirans lan, yo ka antre nan yon aranjman peman prim altènatif ak manm lan, ki ta dwe dokimante ak pataje ak manm lan. Sa ka enkli pèmèt manm yo peye prim yo te rate yo pa vèsman, dapre règ ki annapre yo:

1. Finisman nan yon dat ki fè bak pwoteksyon asirans lan pa ka depase 60 jou fè bak apatide dat finisman an.
2. Règ yo dwe aplike yon fason konsistan pou tout manm yo.

Sa a se annakò avèk [direktiv](#) CMS lan pou facilite echanj federal yo (gade seksyon 7.6) ak [direktiv](#) DFS lan pou manm QHP yo ki pa resevwa kredi taks. Yo ankouraje konpayi asirans yo pou yo fè tout efò posib pou travay avèk manm ki gen difikilte finansye yo pou facilite aranjman peman altènatif oswa pou ede manm lan jwenn nouvo pwoteksyon asirans.



Kesyon ak Repons Konsènan Peryòd Gras ak Enskripsyón Espesyal COVID-19 la

Mizajou: 15 jen 2020

Kesyon 20: Kisa ki pral dat pou kòmanse pwoteksyon Peryòd Enskripsyón Espesyal (SEP) pou Sikontans Eksepsyonèl COVID-19 la, jan sa pwolonje jiska 15 Jiyè?

R: Menm jan ak regleman yo ki aplike nan SEP pou Sikontans Eksepsyonèl COVID-19 15 Jen 2020 an, konsomatè yo ki enskri atravè SEP a soti 16 Jen rive 15 Jiyè pral gen yon chwa kilè pou kòmanse pwoteksyon a. Yo pral otorize pou chwazi yon dat kòmansman swa 1ye Jiyè oswa 1ye Out.



Kesyon ak Repons Konsènan Peryòd Gras ak Enskripsyon Espesyal COVID-19 la

Mizajou: 29 oktòb 2020

Kesyon 21: Kilè ki pral dat pou kòmanse pwoteksyon yo pou Peryòd Enskripsyon Espesyal (SEP) nan Sikontans Eksepsyonèl yo pou COVID-19, ki te pwolonje jiska 31 desanm 2020?

R: Menm jan ak règ yo ki te aplike pandan Sikontans Eksepsyonèl SEP la pou COVID-19, kliyan yo pral gen chwa konsènan kilè pou yo kòmanse pwoteksyon an. Y ap gen otorizasyon pou chwazi yon dat kòmansman, jan sa dekri anba a, tou depann de lè yo jwenn SEP la. Kliyan yo pral bezwen rele sèvis kliyan an pou mande yon dat kòmansman pou pwoteksyon ki diferan de sa yo bay atravè aplikasyon sou entènèt la. Kliyan yo ki aplike pou pwoteksyon sou entènèt apre 1ye novanm 2020 pral ranpli yon aplikasyon pou 2021 epi yo pral mande yo si yo vle pwoteksyon pou 2020. Si se wi, y ap mande yo pou rele Sèvis Kliyan an pou fini enskripsyon pou pwoteksyon novanm ak/oswa desanm 2020.

Lè Enskripsyon an nan kad SEP sa a Fini:	Pwoteksyon an Kòmanse:
Rive 15 oktòb 2020	Chwa dat kòmansman pwoteksyon an: <ul style="list-style-type: none">• 1ye oktòb, OSWA• 1ye novanm 2020
Ant 16 oktòb ak 15 novanm 2020	Chwa dat kòmansman pwoteksyon an: <ul style="list-style-type: none">• 1ye novanm, OSWA• 1ye desanm 2020
Ant 16 novanm ak 15 desanm 2020	Chwa dat kòmansman pwoteksyon an: <ul style="list-style-type: none">• 1ye desanm, OSWA• 1ye janvye 2021
Ant 16 desanm ak 31 desanm 2020	<ul style="list-style-type: none">• 1ye janvye 2021